

## Aprann si ou ta dwe vaksinen

Lawoujòl se yon maladi viris bay. Lawoujòl epapiye byen fasil nan touse ak estène. Ou ka genyen l tou si ou pataje bagay tankou bwason, fouchèt ak kiyè avèk lòt moun ki gen lajouwòl. Jèm lawoujòl yo ka viv nan lè a pou jiska 2 èdtan, avèk sa li posib pou gen viris la menm lè moun ki malad la pa nan chanm nan. Dabitid moun ki gen lawoujòl reprann yo nan yonn oubyen de semèn, men gen moun ki konn gen konplikasyon grav.

### Ki sentòm lawoujòl?

- Tous
- Lafyè
- Nen kap fè sòs
- Zye wouj, zye ap fè dlo
- Yon plak gratèl ki kòmanse nan figi epi ki desann nan kò a

Sentòm sa yo kòmanse 8 a 12 jou aprè ou te bò kote yon moun ki te gen lawoujòl.

### Kòman mwen ka pwoteje tèt mwen kont lawoujòl?

Gen anpil moun ki gen risk pou yo pran lawoujòl. Pran vaksen kont lawoujòl la (MMR) se meye fason pou pwoteje tèt ou. Yo rele vaksen an “MMR” paske li pwoteje moun kont 3 maladi: lajouwòl, malmouton ak ribeyòl. Ou bezwen pran 2 vaksen pou pwoteje pou tout rès vi ou. Dabitid timoun piti toujou pran premyè vaksen a aprè premyè anivèsè yo. Yo pran dezyèm vaksen an lè yo gen 4 an.

Si ou panse ou bezwen yon vaksen kont lawoujòl—oubyen ou pa si si ou te pran vaksen an deja—silvouplè rele doktè ou. **Si ou pa gen yon doktè, silvouplè kontakte yon enfimyè sante piblik nan Cambridge nan 617-665-3826.**

### Lòt fason mwen ka rete an sante?

Aprè pran vaksen kont lawoujòl la, ou ka ede pwoteje tèt ak lòt moun si ou:

- Lave men ou souvan
- Kouvri bouch ou lè ou ap touse oubyen estène
- Ret lakay ou lè ou malad

### Kisa mwen ta dwe fè si mwen panse mwen gen lawoujòl?

Rete lakay ou epi eseye rete lwen lòt moun. Rele moun ki ba w swen an oubyen sant sante w la pou konn ki lòt bagay pou fè.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan [www.cambridgepublichealth.org](http://www.cambridgepublichealth.org) oubyen si ou rele Liy Telefòn pou afè Lawoujòl la nan 617-665-3870.

**CAMBRIDGE PUBLIC HEALTH DEPARTMENT**



Cambridge Health Alliance